# BASLAWISH KLASS OQIWSHILARINDA MILLIY QÁDIRIYATLARDI QÁLIPLESTIRIWDE TEXNOLOGIYA PÁNINIŃ ORNI

**Adambayeva Inabat Kengesbay qızı**
*NMPI Tálim hám tárbiya teoriyası hám metodikası (Baslawısh tálim)*

**Annotaciya:** *Bul teziste baslawısh klass oqıwshılarında milliy qádriyatlardı qáliplestiriwde texnologiya pániniń pedagogikalıq imkaniyatları talqılanadı. Sonıń menen birge, texnologiya sabaqları arqalı oqıwshılarda miynetkeshlik, milliy ónermentshilikke húrmet, estetikalıq talǵam, watansúyiwshilik hám milliy ózligin ańlaw sıyaqlı pazıyletlerdi rawajlandırıw máseleleri sáwlelendirilgen. Maqalada zamanagóy pedagogikalıq jantasıwlar tiykarında texnologiya pániniń tárbiyalıq áhmiyeti hám de milliy qádriyatlarǵa baǵdarlanǵan metodlardan paydalanıw nátiyjeliligi ashıp berilgen.*

**Gilt sózler:** *Milliy qádriyatlar, texnologiya páni, baslawısh tálim, tárbiya, ónermentshilik, pedagogikalıq metodlar, ruwxıy tárbiya, oqıwshı shaxsı, milliy mádeniyat, miynet tálimi.*

## KIRISIW

Búgingi globallasıw processinde jas áwladtı milliy qádriyatlar ruhında tárbiyalaw mámleket siyasatınıń áhmiyetli baǵdarlarınan biri bolıp esaplanadı. Jámiyettiń rawajlanıwı, milliy ózlikti saqlap qalıw hám de ruwxıy jetik áwladtı jetistiriwde tálim sistemasınıń ornı teńsiz-tayınsız. Ásirese, baslawısh tálim basqıshı balanıń dúnyatanımı, ádep-ikramlılıq kózqarasları hám milliy pikirleniwi qáliplesetuǵın eń áhmiyetli dáwir esaplanadı. Sol sebepli de áyne usı basqıshta oqıwshılarǵa milliy qádriyatlardı sińdiriw pedagogikanıń eń zárúrli wazıypalarınan biri sıpatında qaralmaqta.

Milliy qádriyatlar xalıqtıń ásirler dawamında qáliplesken úrp-ádetleri, dástúrleri, ruwxıy miyrası, miynet mádeniyatı hám de turmıs tárizin ózinde sáwlelendiredi. Jas áwladtı mine usı qádriyatlarǵa húrmet ruhında tárbiyalaw olarda milliy maqtanısh, watansúyiwshilik, insanıylıq hám miynetkeshlik sıyaqlı pazıyletlerdi rawajlandırıwǵa xızmet etedi. Bunda ulıwma tálim pánleri arasında texnologiya páni ayrıqsha áhmiyetke iye.

Texnologiya páni oqıwshılardıń ámeliy iskerligin shólkemlestiriwshi, olardı miynetke úyretiwshi hám de dóretiwshilik qábiletlerin rawajlandırıwshı pánlerdiń biri bolıp tabıladı. Bul pán arqalı oqıwshılar tek ǵana hár qıylı buyımlardı soǵıwdı úyrenip qoymastan, bálki xalıq ámeliy kórkem-óneri, milliy ónermentshilik, áyyemgi kásipler hám milliy miynet dástúrleri haqqında da bilimlerge iye boladı. Nátiyjede olarda milliy mádeniyatqa qızıǵıwshılıq hám húrmet sezimi qáliplesedi.

Búgingi kúnde tálim processine innovaciyalıq pedagogikalıq texnologiyalardı engiziw menen bir qatarda milliy qádriyatlardı tálim mazmunına sińdiriw máseleleri de aktual áhmiyetke iye bolmaqta. Ásirese, texnologiya sabaqlarında milliy naǵıslar, ónermentshilik elementleri, xalıq ámeliy kórkem-óneri úlgilerinen paydalanıw oqıwshılardıń estetikalıq pikirleniwin bayıtadı hám olardı milliy mádeniyatqa jaqınlastıradı. Sonıń menen birge,

oqıwshılarda miynetke sanalı qatnas, sabır-taqatlılıq, juwapkershilik hám jámáát penen islesiw kónlikpeleri de rawajlanadı.

Baslawısh klass oqıwshıları psixologiyalıq jaqtan eliklewge beyim bolǵanlıǵı sebepli olarǵa kórsetilip atırǵan tárbiyalıq tásir nátiyjeli boladı. Sol sebepli texnologiya páninde milliy qádriyatlarǵa tiykarlanǵan tapsırmalar, ámeliy shınıǵıwlar hám dóretiwshilik joybarlardı shólkemlestiriw zárúrli pedagogikalıq áhmiyetke iye. Máselen, milliy oyınshıqlar soǵıw, kesteshilik elementleri menen tanıstırıw, milliy naǵıslardan paydalanıw arqalı oqıwshılardıń tek ǵana ámeliy kónlikpeleri emes, al milliy pikirleniwi de qáliplesedi.

Sonday-aq, texnologiya pániniń tárbiyalıq imkaniyatları oqıwshılardıń erkin pikirleniwin hám dóretiwshilik jantasıwın rawajlandırıwǵa da xızmet etedi. Sabaq processinde oqıwshılardıń jas ózgesheliklerin esapqa alǵan halda milliy qádriyatlarǵa tiyisli materiallardan paydalanıw pedagogikalıq nátiyjelilikti arttıradı. Bul bolsa óz gezeginde tálim hám tárbiyanıń úylesimligin támiyinleydi.

Bul tezisten maqset – baslawısh klass oqıwshılarında milliy qádriyatlardı qáliplestiriwde texnologiya pániniń ornı hám imkaniyatların tallaw hám de usı processti nátiyjeli shólkemlestiriw metodların sáwlelendiriwden ibarat.

**Tiykarǵı bólim**

Baslawısh tálim sistemasında texnologiya páni oqıwshılardıń tek ǵana ámeliy kónlikpelerin rawajlandırıwda emes, al olardı ruwxıy-ádep-ikramlılıq jaqtan tárbiyalawda da áhmiyetli qural esaplanadı. Ózbekstan Respublikası ulıwma orta bilim beriw sistemasında texnologiya pánine ayrıqsha itibar qaratılıp, oqıwshılardıń miynet mádeniyatın qáliplestiriw, kásip-ónerge qızıǵıwshılıǵın arttırıw hám de milliy qádiriyatlarǵa húrmet ruwxında tárbiyalaw tiykarǵı wazıypalardan biri sıpatında belgilengen.

Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń tálim hám ruwxıylıq tarawına tiyisli qararlarında jas áwladtı milliy hám ulıwma insanıylıq qádiriyatlar tiykarında tárbiyalaw ústin turıwshı wazıypa sıpatında kórsetip ótilgen. Atap aytqanda, «Bilimlendiriw haqqında»ǵı Nızamda bilimlendiriwdiń tiykarǵı principlerinen biri sıpatında jaslardı milliy hám ulıwma insanıylıq qádiriyatlarǵa húrmet ruwxında tárbiyalaw máseleleri belgilengen. Bul kóz-qaras texnologiya pániniń mazmunında da óz kórinisin tabadı.

Texnologiya pániniń ózine tán tárepi sonda, onda teoriya hám ámeliyat uyǵınlıqta alıp barıladı. Ásirese, baslawısh klasslarda oqıwshılar ámeliy xızmet arqalı bilimdi tezirek ózlestiredi. Sol sebepli texnologiya sabaqlarında milliy qádiriyatlardı ámeliy tapsırmalar tiykarında sińdiriw nátiyjeli boladı. Mısalı, qaǵazdan milliy naǵıslar tayarlaw, mataǵa ápiwayı bezekler túsiriw, tábiyiy materiallardan xalıq ámeliy kórkem-ónerine tiyisli buyımlar jasaw sıyaqlı shınıǵıwlar oqıwshılardıń milliy mádeniyatqa bolǵan qızıǵıwshılıǵın arttıradı.

Ózbek xalıq ámeliy kórkem-óneri kóp ásirlik tariyxqa iye bolıp, kesteshilik, gúlalshılıq, aǵash oymashılıǵı, zergershilik, gilemshilik sıyaqlı baǵdarlardı óz ishine aladı. UNESCO tárepinen Ózbekstannıń bir qatar materiallıq emes mádeniy miyras úlgileriniń xalıqaralıq dizimge kirgizilgeni de milliy ónermentshiliktiń joqarı áhmiyetke iye ekenligin kórsetedi.

Baslawısh klass jasındağı balalarda baqlawshańlıq hám súwretli pikirlew kúshli rawajlanğan boladı. Sol sebepli texnologiya sabaqlarında kórsetpeli qurallardan paydalanıw úlken áhmiyetke iye. Milliy nağıslar, ónermentshilik buyımları, xalıq ámeliy kórkem-óneri úlgileri tiykarında shólkemlestirilgen sabaqlar oqıwshılardıń estetikalıq talǵamın qáliplestiredi. Máselen, «islimiy» hám «girih» nağıs elementleri menen tanıstırıw arqalı balalarda milliy bezew óneri haqqında dáslepki túsinikler payda etiledi.

Texnologiya sabaqlarında oqıwshılardı jámáátlik jumıslarğa tartıw da tárbiyalıq jaqtan áhmiyetli. Topar bolıp orınlanatuğın dóretiwshilik tapsırmalar oqıwshılarda óz-ara húrmet, birge islesiw, juwapkershilik hám miynetsúygishlik sıpatların rawajlandıradı. Bul bolsa milliy qádiriyatlardıń áhmiyetli quramlıq bólimlerinen biri esaplanadı. Ásirese, xalıq pedagogikasında jámáátlik miynet hám óz-ara járdem túsinikleri áhmiyetli orın tutadı.

Texnologiya páninde interaktiv usıllardan paydalanıw da nátiyjelilikti arttıradı. «Aqılıy hújim», «Klaster», «Joybar usılı», «Usta-shákirt» usılları arqalı oqıwshılar ğárezsiz pikirlewge úyrenedi. Atap aytqanda, «Usta-shákirt» dástúri milliy tárbiyalaw sistemasınıń áhmiyetli bólegi bolıp, texnologiya sabaqlarında usı usıldan paydalanıw arqalı oqıwshılarğa milliy ónermentshilikke baylanıslı bilimlerdi jetkeriw múmkin.

**Juwmaq**

Juwmaqlap aytqanda, baslawısh klass oqıwshılarında milliy qádiriyatlardı qáliplestiriwde texnologiya pániniń ornı júdá áhmiyetli. Bul pán arqalı oqıwshılar milliy ónermentshilik, xalıq ámeliy kórkem-óneri, miynet dástúrleri hám mádeniy miyras penen jaqınnan tanısadı. Nátiyjede olarda milliy ózlikti ańlaw, watansúyiwshilik, miynetsúygishlik, estetikalıq talǵam hám ruwxıy pazıyletler rawajlanadı.

Texnologiya sabaqlarınıń ámeliy xarakterge iye bolıwı oqıwshılardıń bilimlerdi tikkeley iskerlik processinde ózlestiriwine imkaniyat jaratadı. Ásirese, milliy nağıslar, ónermentshilik elementleri hám xalıq dástúrleri tiykarında shólkemlestirilgen shınığıwlar bilimlendiriw nátiyjeliligin asıradı hám balalarda milliy mádeniyatqa qaray qızığıwshılıq oyatadı.

Sonday-aq, texnologiya páninde zamanagóy pedagogikalıq usıllar hám interaktiv qatnaslardan paydalanıw oqıwshılardıń dóretiwshilik pikirlewin, ğárezsiz islew hám jámáátte birge islesiw kónlikpelerin rawajlandıradı. Bul bolsa jas áwladtı hár tárepleme jetik shaxs sıpatında tárbiyalawğa xızmet etedi.

Demek, baslawısh bilimlendiriw processinde texnologiya pániniń tárbiyalıq imkaniyatlarınan ónimli paydalanıw, sabaq mazmunına milliy qádiriyatlardı keń sińdiriw hám de xalıq ámeliy kórkem-óneri elementlerin qollanıw búgingi bilimlendiriw sistemasınıń aktual wazıypalarınan biri esaplanadı.

**PAYDALANILĞAN ÁDEBIYATLAR:**

1. A.J. Atajonova, Sh.A. Raximova, G.I. Raximova, G.B.Jumaniyazova. Boshlang'ich ta'lim pedagogikasi. Toshkent, "Bookmany print", 2024.

2. R.A. Mavlonova, N.H. Rahmonqulova. Boshlang'ich ta'limning integratsiyalashgan pedagogikasi. Toshkent, "Ilm-Ziyo", 2009.

3. N.B. Bekchanova, N.E. Rajabova, K.R. Karimova. Boshlang'ich ta'lim pedagogikasi. Urganch, 2024.